

**TATA PANGIBADAH MINGGU KAPING TIGA PASKAH
GKJ AMBARRUKMA – 19 APRIL 2026
Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB**

(Warni Liturgis: Pethak, Stola/Logo/Simbol : Kembang Lily)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori.

Sakderengipun pangibadah, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.

2. **Liturgos** :

Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Sangalas April Kalih Ewu Nemlikur** (19 April 2026), inggih menika Minggu Kaping Tiga saksampunipun Paskah.

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, ing Minggu Kaping Tiga Paskah menika, sumangga kita sami tansah ngengeti bilih kita menika wujud karya cipta titahipun Gusti. Pramila sesarengan kita nggegilut sabdanipun Gusti kanthi irah-irahan **“Tumingal Wadananipun Sang Kristus Wonten Ing Karya Cipta”** badhe kaladosaken dening Bapa/Ibu Pandhita

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Welas, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 14 : 1 + 3)**, **“Kula Samya Tetunggilan”** *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- (1) Kula samya tetunggilan,
ngabekti mring Pangeran,
wit sinungan kacekapan
wah bagas kasarasan.

Refr:
Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira sestu tentrem raharja.

- (3) Kula rinimat ing Gusti, sarta sagunging titah,
mangsa kang silih-gumanti, samukawis mung endah.....Refr:

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan: (Pasamuwan Jumeneng)

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 | i . 5 7 | i . 5 4 | 3 . ||**
A - min, A - min, A - min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. Sabda Introitus

Lektor : Introitus kapethik saking: **Purwaning Dumadi 1 : 26 - 28**

Lektor : "Mekaten sabdanipun Gusti"

Pasamuwan : "Puji sokur konjuk Gusti"

5. Liturgos : "Pasamuwan ing tetunggalinipun Gusti Yesus. Gusti Allah ingkang karya jagat menika, sampun nitahaken kita sami. Pramila kita ugi kaparingan berkah supados saget tangkar-tumangkar ing sak lumahing abumi menika.

Sesarengan kita repenaken kidung pepujen, **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Pitung Dasa Gangsal, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 175 : 1 + 2), "Neng Gunung Wah Neng Ngaré"**

(1) Nèng gunung wah nèng ngaré, Gusti Allah ana.
Nyanga ngendi paranku, mesthi ana uga.
Endi kang dadi cipta lan osiking ati,
kabèh mesthi kapirsan ing Allah Hyang Widi.

(2) Sang Rama anèng swarga mengku samubarang.
Sing sapa kang kumandel mesthi tinulungan.
Manuk ing awang-awang, Allah kang ngingoni.
Suket lan thethukulan, wrata dènpaèsi.

6. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Mateus 7 : 21

"Kang bakal lumebu ing Kratoning Swarga iku dudu angger wong kang ngucap marang Aku: Gusti, Gusti, nanging mung wong kang nglakoni sakarsane RamaKu kang ana ing swarga."

7. Pacawisan Pamratobat

Imam : "Pasamuwan kagunganipun Gusti. Gusti Allah Sang Rama paring pitedah supados kita sami pitados dumateng Panjenenganipun ananging ugi nindhakaken dhawuh saha karsanipun Gusti.

Pramila sumangga sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **Kidung Pasamuwan Jawi Pitung Dasa Wolu, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 78 : 1 + 3), "Iba Begjaku"**

- (1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Refr:

Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya.
Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya.

- (3) Dakaturaké jiwa-raga marang Gustiku, atiku lega,
klayan anganthi sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.....Refr:

8. Pandonga Pamratobat

Imam : "Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

"Puji panuwun sokur kawula aturaken ing ngarsa Paduka Gusti. Awit berkah sih kamulyan saha kamirahan Paduka tansah kababar ing gesang kawula saben dinten. Ing pangibadah wekdal menika, Gusti, kawula estu nelangsani awit sekathahing dosa kawula. Pramila Gusti, kawula ngungsi ing Paduka. Kawula nyuwun piwelas saha kamirahan saking Paduka. Gusti Paduka ingkang mbirat sedaya dosa kawula kanthi nandhang sangsara, seda sinalib, lan wungu, Paduka dados pangajeng-ajeng kawula nampeni gesang langgeng. Nyuwun pitulungan saha pepadhang ing Roh Suci nuntun lampah gesang kawula. Keparenga kawula sami tansah angantya Paduka supados kawula saget mbabar pakaryan Paduka ing bumi peparing Paduka menika. Kawula saget nglajengaken gesang lan netepi dhawuh timbalan Paduka kebak ing panganthi saking Gusti. Kawula ugi ngaturaken jiwa-raga kawula dumateng Gusti, klayan anganthi sarawuh Paduka, matemah kawula tansah pikantuk sih-rahmat Paduka.

Linambaran sih katresnan saha rah kurbanipun Gusti Yesus Kristus ingkang seda sinalib Juruning wilujeng sejatos, kawula ndedonga. Amin."

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : 2 Korinta 5 : 17

"Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar: kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata wus teka."

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Wahyu 9 : 4a

"Lan padha kadhawuhan, supaya aja padha ngrusak suket-suket ing bumi, utawa marang sadhengaha thethukulan lan wit-witan,"

10. Kidung Kasanggeman

Liturgos : “Pasamuwan kagunanipun Gusti. Gusti Allah ingkang kita pitados matemah kita tansah saget kumandel ing Panjenenganipun.

Sumangga sesarengan kita ugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Suwidak Kalih, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 162 : 1 + 2), “Katur Ngarsa Paduka, Gusti”** *pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula.
Jiwa lan raga kula mugi aso nèng asta Paduka.
Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Maha kwasa.
- (2) Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.
Tresna miwah suka-pirena Paduka srahken mring kula.
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah*.....)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Ngrepnaken Pepujen Tema Paskah

Kagem nyuraosi Paskah, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Paskah taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan **“Yesus Bangkit”**. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Ibu Shaly Theedens lan Bp. Vikaris Andreas Kristianto.

- (1) Burung kecil hinggap di batu
Batu terguling, kubur terbuka
Yesus bangkit kalahkan maut
Kasih menang hidup berseri
- Refr:* Yesus bangkit, dunia bersukacita
Burung bernanyi bunga bermekaran
Tanah laut dan langitpun berkata:
Tuhan membuatNya semuanya baru.
- (2) Yesus bangkit kita bersuka kini t'lah ada hidup yang baru
Dalam Yesus kita'kan s'lalu berbuat baik setiap hari.....*Refr:*

c) Pandhita : maosaken Lukas 24 : 13 - 35

d) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 . 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 | 3 . .
Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya

e) Pandhita : Paladosan Khotbah

f) Irah-irahan : “Tumingal Wadananipun Sang Kristus Wonten Ing Karya Cipta”

g) Ancas : Pasamuwan dipun ajak bikak kapitadosan ing saklebeting manah supadaos saget tumingal Wadananipun Sang Kristus wonten ing sadengah karya ciptanipun Gusti, satemah wungunipun Gusti ndayani kita sami gesang kebak ing tanggel jawab, kebak ing panarimah syukur, pamratobat, welas asih.

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang tinebus ing Sang Kristus Gusti. Berkahipun Gusti tansah linuber kababar ing gesang kita sami. Pramila ing pangibadah menika, kita badhe nyaosaken pisungsung dumateng Gusti minangka cihnaning caos sokur kita.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung kapethik saking kitab **Jabur bab Satus Pitu ayat Selikur lan Kalihlikur (Jabur 107 : 21 - 22)** ingkang mekaten suraosipun:

“Wong iku mau kareben padha ngaturake panuwun marang Pangeran Yehuwah, awit saka sih-kadarmane, lan marga saka kaelokane marang para anaking manungsa, sarta kareben padha nyaosake kurban pamuji sokur tuwin nyaritakake pakaryane Gusti Allah kalawan surak-surak.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Seket Sekawan, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 154 : 1 + 2), “Adrenging Tyas Kula”**

(1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi, kula kagunganta.

Refr:

Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbe bandha kang pengaji kang langkung prayogi, sinaos Gusti.

Mung punika Gusti, panyuwun kula, mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagema Paduka pirantos sapala.

(2) Saiba endahing sih-tresna Paduka, Gusti;

kula kagunganta, Paduka rimati.....Refr:

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. *Pasamuwan kula suwun jumeneng*

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.

- Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. Pandhita : Paladosan Berkah

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Bapa/Ibu Pandhita lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita tansah mbudidaya ing saklebeting manah supadaos saget tumingal Wadananipun Sang Kristus wonten ing sadengah karya ciptanipun Gusti, satemah wungunipun Gusti ndayani kita sami gesang kebak ing tanggel jawab, kebak ing panarimah syukur, pamratobat, saha welas asih.

Sumangga sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Pitu Likur, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 427 : 1 + 2), “Begja Sejati”**

(1) Begja sejati, ngabdi mring Gusti,
yeku gesang kang pangaji.
Dadya lantaran mrih karukunan,
katentreman kelampahan

Refr:
Mung Sang Kristus yeku Gusti,
Panebus kula sejati
Gesang kawula, kagem asmanya
nggih martosken sih rahmatnya.

(2) Begja sanyata, gesang neng donya,
lelados mring Sang Pamarta.
Dipun belani, sabar ing kardi,
temah kalis ing bilahi.....Refr:

17. **Liturgos** : “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sedaya.”